Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Malebari II

R. Ng. Yasadipura I

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

MENAK MALEBARI

JILID II

Diterbitkan kembali seizin PN Balai Pustaka
BP No. 1155a

Hak pengarang dilindungi undang-undang

PPS/Jw/1a/81

Milik Dep. P dan K
Tidak diperdagangkan

MENAK MALEBARI II

Oleh
R. Ng. YASADIPURA I

Alih Aksara dan Alih Bahasa
SOENARKO H. POESPITO

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NILAI BUDAYA DEPDIKBUD

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

PERPUSTAKAAN
DIT. TRADISI DITJEN NBSF
DEPBUDPAR
NO. INV : 2754
PEROLEHAN :
TGL : 4-5-09
SANDI PUSTAKA :

PERPUSTAKAAN
DIT. SEJARAH & NILAI TRADISIONAL
Nomor Induk : 1811/1984
Tanggal terima : 26-12-1984.
~~Beli~~/hadiah dari : proyek PBSI & D
Nomor buku :
Kopi ke : 2

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antar daerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antar suku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISINIPUN

17.	Wong Agung lenggah siniwaka wonten ing Malebari.	9
18.	Serat Panantang saking Dhayak Sengari.	14
19.	Prajurit ing Dhayak Sengari mangsah prang.	20
20.	Patih Bunandir majeng prang.	24
21.	Prabu Kewusnendar nawan raja kalih.	31
22.	Raden Banu Kelan, putranpun Wong Agung.	37
23.	Raden Banu Kelan nyobi ingkang rama.	46
24.	Prabu Lamdahur mapagaken Raden Banu Kelan.	56
25.	Raden Banu Kelan perang lan Wong Agung.	61
26.	Raden Banu Kelan ngabekti dhateng rama Wong Agung.	70
27.	Raden Banu Kelan dipun paringi nagari Kelan.	79
28.	Wadya Dhayak Sengari mangsah prang malih.	83
29.	Ngrembag gelaring prang.	89
30.	Perang brubuh,	92
31.	Wadya Dhayak Sengari kasor yudanipun.	97
32.	Raden Jayusman kajumenengaken nata ing Malebari.	100
33.	Ngarab kadhatengan mengsah.	112
34.	Raden Banu Arli nulungi wadya Arab.	118
35.	Tata tata badhe mangsah prang.	122

XVII. WONG AGUNG LENGGAH SINEWAKA WONTEN ING BALEBARI.

Sinom

1. Wus kadya kadhatonira,
   Wong Agung Surayengbumi,
   aneng nagari Kusniya,
   ing dina Soma tinangkil,
   aglar para narpati,
   kang pra dipati supenuh,
   punggawa hulubalang,
   prawira satriya mantri,
   ambalabar kadya samodra ludira.

2. Wong agung ing Parangteja,
   lan Dipati Guritwesi,
   katiga Sri Bawadiman,
   kang munggeng ngarsa tan tebih,
   para putra nambungi,
   Raden Jayusman neng ngayun,
   nulya rahaden Ruslan,
   lawan Raden Rustam aji.
   Raden Hasim Kuwari kang timur pisan.

3. Para ratu kang pangarsa,
   nateng Kohkarib nambungi,
   nulya sri bupati Selan,
   Lamdahur kang anambungi,
   lawan Rajeng Yunani,
   rajeng Kebar kang sumambung,
   ing Rum Kenahan Kangkan,
   Ngindi raja Kaladini,
   ing Ngabesi raja Sadad Kadarisman.

4. Kajeng Bangit Darundiya,
Suratistaham – Surati,
Raja Samsir Ibnu Buldan,
narendra ing Kandhabumi,
Raja Kemar Kuwari,
ing Yujana kang sumambung,
narpati Kewusnendar,
ing Miskat Sakirdanali.
raja Kasbumirat sang nateng Katijah.

5. Pirkari raja Sarsaban,
kang umur nem atus warsi,
Puldriyan raja Sapardan,
Sarwal raja Pusanggarim,
raja Debrun ing Demis,
Raja Kunawar lan Kuljum,
narpati Ngambarsirat,
Kirmanikendah Biraji,
kang ambanjeng ratu kembar kawan desa.

6. Banjeng para raja putra,
narpati Kaos pangirid,
Prabu Sayid Ibnu Ngumar,
Ibnu-jar Maktal putreki,
Marsandi Umar Dani,
Marmaya ingkang sesunu,
raja putra Marjaman,
rajeng Kohkarib sesiwi,
Raden Sirat Mardanus putra ing Yunan.

7. Banarungsit putra Selan,
lan ari Raden Pirngadi,
Suptandar putra ing Kebar,
Raden Kiswarin Diswarin,
raja putreng Rum kalih,
Raden Kodrad Samadikun,
lawan Samardikaran,

raja putra Sarkab Turki,
Kahar Kusmen atmajane Kewusnendar.

8. Kathah lamun cinatura,
ingkang para raja siwi,
sadaya sampun prawira,
tate anguwisi kardi,
kadya puspita giri,
para raja para sunu,
tuwin kang para putra,
wus datan kena winilis,
kadya laut ing mangsa kapat meh pasang.

9. Eca dennya sinewaka,
Wong Agung Surayengbumi,
namung dening para nata,
dhadharan neng pancaniti,
larih majeng para ji,
her mawar nguswa para rum,
Wuwusen duta Dhayak,
Sengari patih Dabatil,
niyub saking gagana tanpa larapan,

10. Mangsah nunggil para nata,
wurine raka kapering,
ngadeg sarwi alendhenan,
wijohan rajeng Yunani,
cingak samya ningali,
sira sang Prabu Tamtanus,
astanira kang kanan,
mentas anampani larih,
ingkang kiwa anepak pundhaking duta.

11. Pinetel-petel nggaronjal,
ratu kang samya umeksi,
tan ana wruh wong kadohan,
nyana abdi ing Yunani,
samana nggrahitani,

mengkono pratingkahipun,
denira ngempit serta.
gumluweh tan pati taklim,
dene teka njujug nggen Sang Rajeng Yunan.

12. Tan pantes ratuning raja,
nora tajem ulat liring,
tinepak-tepak nggaronjal,
duka sang Prabu Yunani,
pinidih jangganeki,
tinapuk ing gelas sumyur,
ngadeg sang rajeng Kebar,
rinebut saking ing wuri,
Surat kena patih Dhayak arsa medal.

13. Cinandhak astane kanan,
rinangkus tan bisa osik,
binekta marang ngayunan,
ngungun kang para narpati,
Prabu Tamtanus angling,
"Wong ing ngendi tambung laku,
mamak ing parikrama,"
Umatur Patih Dabatil,
"Pan kawula dutane Sang Rajeng Dhayak.

14. Sang Aprabu Yaplulawal,
kula pun patih Dabatil."
inguculaken saksana,
"Pagene ta murang niti,
apa ratuning anjing?
tan ana tata kramamu?"
sigra sumambung raja,
ing Kusniya Malebari,
"Kakang Prabu yen punika Patih Dhayak.

15. Sampun carane ing ngrika,
tanpa krama reh tan yukti,
tur nagri ageng kalintang,

jajahan nagari wukir,
manungsa kang sapalih,
wadya sepalih lelembut,
balane kang manungsa,
warnine sami jengginggis."
kinen linggih Patih Dabatil wus lenggah.

16. Sawurine Umar Maya,
kang serat katur ing Gusti,
Wong Agung Surayengjagad,
mesem denira nampeni,
surat sinungken aglis,
kinen maos Marmayeku,
ngadeg ambuka surat,
tembaga rinaja wredi,
duk winaca amucung ukaranira.

XVIII. SERAT PANANTANG SAKING DHAYAK SENGARI.

1. "Layangingsun ing Dhayak Sengari Prabu,
raja Yaplulawal,
ratu sudireng ajurit,
kang sinembah para ratu hulubalang.

2. Dhumawuha marang Bawadiman Prabu,
pagene ta sira,
mejanani angilani,
Yaplulawal pan nora katon manungsa.

3. Sutaningsun ki Prabu Kiswa pangindrus,
nyengker anakira,
Mi Dewi Kun-amaryati,
ndadak sira lakekken karo wong liya.

4. Sira iku amet sraya ratu agung,
soroh anakira,
wong Kuparman iku prapti,
ngandelaken balane kadi samodra.

5. Kaya alun sugih bala para ratu,
iku Bawadiman,
putrimu aturna aglis,
sun panggihken lan ki Prabu Sindhangdhayang.

6. Si Pangindrus, ya iku pacanganipun,
lan si Kakungingrat,
ajaken nungkul mring mami,
lamun nora mangkono heh Bawadiman.

7. Ingsun pemut wuwuhana sarayamu,

patang mono engkas,
ing Kusniya Malebari,
pan wus pasthi rusak saking astaningwang.

8. Sira iku Bawadiman yekti ngrungu,
kasantikaning wang,
ratu wudhu ing ajurit,
ratu moncol ing sabumi Yaplulawal.

9. Lelarenmu jerokna jembarna iku,
lawan agawea,
hiya kapurancang wesi,
balowretinira sundhulena mega.

10. nora wurung kuthanira ingsun gempur,
Surat titi tamat.
Mesem kang sami miarsi,
Gya Wong Agung aken mring kang raka Abas.

11. Kinarya wus dadya kang serat sul-angsul,
pinaringken sigra,
nampeni Patih Dabatil,
medal saking tarub prapteng jawi mesat.

12. Sigra mabur napak wiyat nyamut-nyamut,
eram kang tumingal,
wong dhapurmu kaya anjing,
Patih Dhayak bisa ngambah ing gagana.

13. Tan kawuwus apatih ing lampahipun,
prapteng nagri Dhayak,
kang surat katur ing gusti,
angsul-angsul saking nagari Kusniya.

14. Binuka wus marang Yaplulawal Prabu,
"Penget suratingwang,
Wong Agung Surayengbumi,
kang lelana saking Kuparman nagara.

15. Kang amengku pira-pira para ratu,
dhawuha ing sira,
Sang Prabu Dhayak Sengari,
Wruhanira sira kang kikirim layang.

16. Pan kaliru sira marang yayi Prabu,
dudu saking raja,
ing Kusniya Malebari,
apan ingsun kang mundhut putrining raja.

17. Tegesipun aja anjarag nepsuku,
Payo kapan sira,
pragola angadu sekti,
apa teka apa malaku tinekan.

18. Dereng tutug kang serat pamaosipun,
raja Yaplulawal,
kang serat sinebit-sebit
apan nulya aken anembang tengara.

19. Para ratu kang amanca prajanipun,
kinerigken samya,
wus lami praptanireki,
Samekteng prang balanira Yaplulawal.

20. Patihipun Dabatil alon umatur,
"Gusti sampun enggal,
luhung paduka nyuruhi,
minta sraya kang prakosa sugih bala.

21. Yen ta amung sawadya tuwan pukulun,
langkung saking nistha,
lepen anempuh jaladri,
tan pangrasa amungsuh sultan Kuparman.

22. Rajeng Kalub raja Kalbujer pukulun,
suruhana ing prang,
sugih punggawa prajurit,
sami kopar sayekti dhamang kewala.

23. Raja Kulkul ing kulkiyah prajanipun,
inggih aturana,
pasthi punika ndhatengi,
sayektine raja sami nggendhong raja."

24. Pan ginugu Kyana Patih aturipun,
"Sira lumakua,
angaturi para aji,
ingkang padha prakosa asugih bala."

25. Tan kawuwus Patih Dabatil kang laju,
ganti winursita,
Ing Kusniya Malebari,
pan Wong Agung pakumpulan wirembagan.

26. Aturipun Bawadiman sang aprabu,
"Gusti yen sembada,
mengsah ingantos ndhatengi,
sampun tuwan anglurugi nagri Dhayak.

27. Papanipun angel awis beras pantun,
Ratu gegemblungan,
jajal lanat ambeg Eblis,
arang aprang anggung akarya musibat.

28. Kematipun paneluhan andelipun,
kajawi punika,
mintasraya ratu malih,
yekti wonten linadenan aprang papan.

29. Malihipun rayi paduka anjangkung,
pun kakang Pijajar,
Raden Wahas nguni prapti,
mangsit dhateng pun kakang ing Parangteja.

30. Mangkenipun wonten pulo Barjah nekung,
nepi mung sadasa,
sabat sami cara druwis,
kadya ical angkate saking nagara.

31. Kang sinamur titahe rajeng Medayun,"
kagyat duk miarsa,
Wong Agung Surayengbumi,
tanya marang Arya Maktal matur nembah.

32. Kabeh katur, Raden Wahas aturipun,
ngandika mring raja,
ing Kusniya Malebari,
"Yayi Prabu ngendi papan kang prayoga?

33. ingkang patut yayi ginawe amethuk,
Yudane wong Dhayak,
jabane kutha kang radin."
nembah matur sira Prabu Bawadiman.

34. Ngambar Simun jawi kitha lepen agung,
ara-ara jembar,
aradin sitine wedhi,
wiyaripun wonten lampahan sasiyang."

35. Ngandika rum Wong Agung mring para ratu,
"padha resikana,
papane ingkang prayogi,
kang apantes badhe papaning ayuda.

36. Apan ingsun yayi Prabu arsa ngujung,
marang pulo Barjah,
wus lami ing kajat mami,
angur mati ing astana Nabi Adam.

37. Lawan ingsun amanggihi ariningsun,
yayi Wahas ika,
anamur lunga nanilib,
kang anepi aneng wukir pulo Barjah."

38. Apan sampun sampurna kabeh kang rembug,
sagung para raja,
mring Ambar Sinum angrakit,
pan Wong Agung anamur mring Pulo Barjah.

39. Wus katemu lan Atmaja Betaljemur,
Sira Raden Wahas,
apan sarwi abebisik,
ala ayu ing pratingkah winangsitan.

40. Pelingipun nggih pun paman Betaljemur,
Wong Agung Santosa,
narima titahing Widdhi
kacathete rehing Guru tan kawuntat.

XIX. PRAJURIT ING DHAYAK SENGARI MANGSAH PRANG

Pangkur

1. Kuneng malih winursita,
rajeng Dhayak srayane samya prapti,
ing Kalkiyah raja Kulkul,
bala tanpa wilangan,
lan narendra Kalbujer sang rajeng Kulub,
asugih bala narendra,
ratu wudhu ing ajurit.

2. Dedeg satus pitung dasa,
egas prapta nagri Dhayak Sengari,
budhale wadya panganjur,
Sang Prabu Sindhangdhyang,
murweng karsa kudu akarya penganjur,
anglir prahara ruhara,
budhale sagunging baris.

3. Wahana mawarna-warna,
tri gumuruh kadya wukir ngebeki,
wana kang tinerak gempur,
atemah ara-ara,
tan winarna lamine aneng delanggung,
sampun angambah jajahan,
ing Kusniya Malebari.

4. Geger sami ngungsi kitha,
den bahaki den jarah den boyongi,
mantri tampingan kesusu,
atur uningeng kitha,
Patih Abunandir ingaturan sampun,
praptane kang mungsuh Dhayak,
wus aneng desa paminggir.

5. Katur Prabu Bawadiman,
lajeng katur wong agung Ngalabani,
aparentah para ratu,
angirabaken bala,
mijil saking kitha tata Ngambar Simun,
mengsah prapta mrepek kitha,
wadya ing Dhayak Sengari.

6. Makuwon ing Ngambar Sirat,
pojok kidul wetan ingkang den nggoni,
ngara-ara Ngambar Simun,
sami ngideg pinggirnya,
pinggir wetan barising mengsah anglajur,
Ler kilen Baris Kusniya,
Wadya Kuparman ngebeki.

7. Kang ngujung neng pulo Barjah,
ingaturan uninga mengsah prapti,
Wong Agung anulya kondur,
prapteng kitha sanega,
saha bala mijil baris Ngambar Simun,
tan kari Sri Bawadiman,
Raden putra tengga puri.

8. Lan para ibu sadaya,
sih-sinihan Ni Dewi Kunmaryati,
wau ta ingkang winuwus,
mengsah ebat tumingal,
dene gunge pakuwon Ngarab ngendhanu,
wadya jro eram tumungal,
gunging mengsah angebeki.

9. Inganti sarumatira,
pakuwonnya wusnya kawan dasari,
Wong Agung kikirab sampun,
miyosi ing payudan,
tengara tri gumuruh guntur gumuntur,
wadyaning mungsuh miarsa,

nimbangi tengara nitir.

10. Wus mijil mungsuh lan rowang,
baris tepung kupeng kalangan asri,
ing wijohan palowanu,
ri Sang Surayengjagad,
aglar ngarsa prajurit kang para ratu,
wong agung ing Parangteja,
lan dipati Guritwesi.

11. Katri Raja Bawadiman,
datan tebih Sri Yablulawal mijil,
lawan Sang Aprabu Kulub,
narendra ing Kalkiyah,
sri narendra Kalbujer sang prabu Kulub,
lan prajurit para nata,
sadaya mijil ing jurit.

12. Sira raja Yapblulawal,
titihane bakarles angajrihi,
sirah macan awak lembu,
ngegla aneng matengga,
sira raja Kalbujer sang rajeng Kulub,
prapta ing papan tumingal,
kang mengsah kadya jaladri.

13. Amanggung aneng wahana,
rajeng Kulub ngatag ingkang prajurit,
nama raja Jabarkamus,
Kosar kadhatonira,
"Lah cacaken yudane si Arab iku,
ingsun arsa ngawruhana!"
raja ing Kosar wotsari.

14. Mangsah anitih turangga,
sira raja Jabarkamus.ngajrihi,
amandhi gadanira gung,
prapteng papan susumbar,

"Metonana wong Arab saparsa lampus,
iki ratu kinawasa,
aja na nedya ngunduri."

XX. PATIH BUNANDIR MAJENG PRANG

Durma

1. Kadya guntur surak Dhayak Sindhangdhayang
   Kulub Kalkiyah atri,
   wau duk miarsa,
   Kyana Patih Kusniya,
   nembah Kya Patih Bunandir,
   ingiden mangsah,
   nitih turangga jenggi.

2. Kadya nengker tri loka surak wadya Rab,
   kang yuda wus apanggih,
   pan ayun-ayunan,
   Jabarkamus tatanya,
   "Sapa aranmu prajurit?"
   nauri sugal,
   "Ingsun Patih Bunandir.

3. Papatihe Sang Aprabu Bawadiman,
   Kusniya Malebari,
   Hiya balik sira,
   lanat sapa ranira?"
   "Ingsun ing Kosar nagari,
   ratu digdaya,
   Jabarkamus ran mami.

4. Lah nggadaa Patih Bunandir den enggal,
   sun arsa angrasani,
   ing panggadanira!"
   Abunandir wuwusnya,
   "Dudu caraning ajurit,
   andhinginana,

jer wus kawengku mami.

5. Ing balane jeng gusti Sultan Kuparman."
Jabarkamus nauri,
"Apik si dubillah,
lah payo tadhanana!"
Jabarkamus muter bindi,
tangkis legawa,
Kyana patih Bunandir.

6. Dyan binindhi jumebret parise waja,
Kyana Patih Bunandir,
angayati gada,
"Sun wales den prayitna!"
Ginada wus pasang tangkis,
parise waja,
jumebret tibeng tangkis.

7. Kadya guntur surake mungsuh lan rowang,
rame asilih ungkih,
agada ginada,
dangu datanpa karya,
sareng seleh gada kalih,
pedhang pinedhang,
rame ungkih ingunkih.

8. Gantya kiter-kiniter turangganira,
samya waged ing tali,
Bunandir anganan,
kering sang rajeng Kosar,
sareng panggih gapyuk sami,
turangga kerah,
saut pating balerik.

9. Dangu denya prang pedhang ider-ideran,
pedhang tan migunani,
sareng mbuwang pedhang,
gantya sendhal-sinendhal,

sami nginggiling turanggi,
sang rajeng Kosar,
sinendhal wus katarik.

10. Ucul saking turangga binanting sigra,
saking nginggil turanggi,
bumebrug ing lemah,
Jabarkamus kantaka,
sigra rinebut ing dasih,
wus ginosongan,
surak gumuruh atri.

11. Kyana Patih Bunandir mider ing papan,
susumbar nguwuh tandhing,
"Payo agantia,
amrih kiwul ing aprang,
rebuten ingsun ngajurit!"
ya ta miarsa,
wau raja Dukyadis.

12. Rajeng Ngusur mangsah anitih turangga,
kawot kaprabon jurit,
puniku santana,
nira rajeng Kalkiyah,
nak-sanakira Dukyadis,
Kulkul kang tuwa,
tate nguwisi kardi.

13. Surak umung wadya Kulkul lan kalkiyah,
tuwin Dhayak Sengari,
wadya Sindahngdhayang,
gumuruh mawurahan,
kang mangsah raja Dukyadis,
prapteng ranangga,
wus panggih kang ajurit.

14. Abunandir tatanya, "Sapa ranira?"
kang metua ngajurit,

"Satana Kalkidah
Ngusur kadhatoningwang,
Ya ingsun raja Dukyadis,
Lah sira sapa?"
"ingong Patih Bunandir,

15. Papatihe Sang Aprabu Bawadiman,"
angling raja Dukyadis,
"Hiya den prayitna,
kudhunga bandabaya,
sun gada aja ngoncati."
Sigra ginada,
Jumebret tibang tangkis.

16. Kuwatira panggada rosaning tadhah,
parise metu geni,
Bunandir karasa,
gumeter kudanira,
kinuwataken ing tangkis,
Kuda kinetap,
tatali den kendhoni.

17. Kuda milar kinawil minger anganan,
angling raja Dukyadis,
"Wentala si setan,
nadhahi gadaningwang,"
amuter gada Bunadir,
"Payo kudhunga,
Bandabaya sun gitik."

18. Gya ginada sang raja Ngusur atadhah,
jumebret tibeng tangkis,
parise malela,
mubal metu dahana,
surake awanti-wanti,
gada ginada,
rame ingkang ajurit.

19. Yen ginada Patih Bunandir kasingsal,
sira raja Dukyadis,
tan osik atadhah,
dangu dennya prang gada,
tan ana kasoran kalih,
saling gegaman,
nanging kasaput wengi.

20. Tinetegan mundur kalih kang ayuda,
amasanggrahan sami,
lajeng abujana,
lan sagung para raja,
Wong Agung Surayengbumi,
angganjar marang Kya Patih Abunandir.

21. Tinimbalan mring ngarsa sinungan sabda,
"Heh kaya pa Bunandir,
tandange wong Dhayak?"
Bunandir matur nembah,
"Gusti dereng wonten mijil,
prajurit Dhayak,
suruhan kang metoni.

22. Rajeng Kosar Jabarkamus ingkang dibya,
nanging sanget kang rayi,
prawiraning aprang,
rajeng Ngusur prakosa,
rinipun raja Dukyadis,
manawi benjang,"
Ngandika Jayengmurti.

23. "Hiya besuk Abunandir angantia,
sira lerena dhingin,
pawong sanakira,
dimen padha tumandang,"
Tur sembah Patih Buanandir,
"Nuwun sandika."
Kuneng wau kawarni.

24. Rajeng Kulub ing Dhayak miwah Kalkiyah,
dalu bujana sami,
sagung para nata,
tanya solahing yuda,
katur sosalahing jurit,
tingkahing lawan,
kang sami den raosi.

25. Rajeng Kulub Kalbujer asru ngandika,
"Hiya ing benjing-enjing,
padha gedhugana,
prajurit kang gegala,
kang papak kadya Dukyadis,
dimene medal,
ratune kang bebecik."

26. Mungsuh rowang enjing tata baris kapang,
Wong Agung Jayengmurti,
munggeng dirgasana,
palowanu rinengga,
aglar prajurit para ji,
Sri Bawadiman,
tan tebih mungging kursi.

27. Lan satriya Parangteja jajarira,
Dipati Guritwesi,
supenuh malatar,
prajurit para putra,
tanpa wates gunging baris,
wau sang nata,
mungsuh paprangan prapti.

28. Sami tedak saking ing wahanira.
ing tingkah animbangi,
mring Sang Kakungingrat,
lenggah ngamparan retna,
anjenengi ing ajurit,

samya tumedhak,
munggeng palangka manik.

29. Amelatar barise kapang kalangan,
prajurit kang para ji,
kang badhe saos prang,
misah denira lenggah,
kang sampun tate ngentasi,
mangun ngalaga,
karya asmara kingkin.

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NILAI DEPDIKBUD

XXI. PRABU KEWUSNENDAR NAWAN RAJA KALIH.

Asmaradana

1. Amit Sang raja Dukyadis,
mindhoni metu ngayuda,
saking dene ber kuwanen,
sampun anitih turangga,
kawot kapraboning prang,
prapteng rana nguwuh-uwuh,
"Payo saparsa palastra.

2. Papagena tandang mami,
iki narendra digdaya,
ing Ngusur kadhatoningong,
Prabu Dukyadis ya ingwang,
prawira mandra guna."
wau tan betah angrungu,
Kewusnendar ing Yujana.

3. Amit anembah ing gusti,
ingiden sigra umangsah,
anitih kuda binarong,
Kawot sakapraboning prang,
wajik pun Layar Mega,
kuda teji weton ing rum,
ageng inggil janjan pita.

4. Binusanan murub asri,
mangsah angatepang wedhar,
tuhu prayoga tandange,
pan sarwi amandhi gada,
sebat-sebut binuwang,
onclang gadanira muluk,

yen kala nadhabi gada,

5. merkekeh mendhak kudeki,
yen sampun nampani gada,
sumebut milar kudane,
lajeng angatepung wedhar,
ebat kang sami mulat,
prabane makutha murub,
bagus dedege parusa.

6. Wusnya ngatepang anyirig,
tangkepe pun Layar Mega,
angepyah tajem sirige,
dhasar narendra sembada,
besus aneng turangga,
wong Arab surak gumuruh,
ratu gegamben kang mengsah.

7. Prapteng papan wus apanggih,
raja Dukyadis tatanya,
"Heh sapa aranmu katong?
baya ta Sultan Kuparman,
ya si Surayeng jagad,
dene paryoga tingkahmu,
pantes rijaling alaga."

8. Mesem denira nauri,
"Ingsun narpati Yujana,
Kewusnendar araningong,
kang ingaken saudara,
dening Sultan Kuparman,
Balik sira sapa ranmu?"
Sumahur, "Dukyadis ingwang.

9. Ing Ngusur kadhaton mami,
Den prayitna Kewusnendar,
tadhahana gadaningong!"
Dukyadis amuter gada,

Ginada Kewusnendar,
atangkis parise murub,
gumuruh suraking bala.

10. Kang ayuda antuk sisih,
sami narendra sudira,
Kewusnendar muwus alon,
"Ingsun wales den prayitna,
kudhunga bandabaya!"
raja Dukyadis akudhung,
parisanira malela.

11. Kinetab turangganeki,
ngiter sarwi muter gada,
saha senggak panggadane,
Dukyadis pamuterira,
kawratan tangkis kontal,
katelanjur sirahipun,
Dukyadis kudane pejah.

12. Nateng Ngusurkajempalik,
tibanira saking kuda,
rajeng Yujana nulya ge,
tedhak saking kudanira,
Dukyadis pan cinandhak,
wangkingan ingikal muluk,
neng asta kadya likasan.

13. Sigra binanting ing siti,
raja Dukyadis kantaka,
tarutul wau praptane,
Patih Bunandir ambanda,
binekta mundur sigra,
Dukyadis katawan sampun,
surake bala wurahan.

14. Mider ing papan sesirig,
sigra Prabu Kewusnendar,

susumbar nguwuh munguhe,
"Payo endi metonana,
pupulihing ayuda,
belanana ta kancamu,
ingkang sun banting kantaka.

15. Payo metua ngajurit,
ratu Dhayak Yaplulawal,
tandhing prawira lan ingong,
Yujana ratu gagala,
prawira mandra guna,
rebuten ing pran ya ingsun,
andele Sultan Kuparman."

16. Wau tan betah miarsi,
raja Dirkuha Dahana,
arine raja Kalbujer,
kuthane ing Rukmadama,
mangsah nitih dipangga,
sarta amandhi salukun,
dedeg pitung dasa egas.

17. Anjenggarang munggeng hesthi,
Kewusnendar ngawe bala,
prapta wau dipanggane,
palana busana retna,
sigra wus tinitihan,
respati ngundha salukun,
sri Bupati ing Yujana.

18. Wus ayun-ayunan jurit,
ngling prabu ing Rukmadama,
"Heh sapa aranmu katong?"
"Hiya ingsun Kewusnendar,
narpati ing Yujana.
Hiya ta sapa aranmu?
apa sira ratu Dhayak?"

19. Sugal denira nauri,
"Ingong Dirkuna dahana,
arine raja Kalbujer,
kuthaningsun Rukmadama.
Den yitna Kewusnendar,
atangkisa parisanmu!"
salukun sigra ingangkat.

20. Kewusnendar pasang tangkis,
sigra ngangkat gadanira,
tumibeng tangkis jumebret,
surake bala gumerah,
sang Prabu Kewusnendar,
angangkat salukunipun,
tangkis nateng Rukmadama.

21. Sinalukun Sri Bupati,
kanteb tangkise kaplesat,
Dirkuha Dahana age,
tangkis ilang saking asta,
nyana mungsuhe nistha,
Kewusnendar asru muwus,
"Jupuken parisanira.

22. Ingsun gada sira mati,
paningsun dudu wong nistha,
katuju mati mungsuhe,
tanpa parisan ginada,
mengkono loking jana,
Hiya den ayem tingkahmu,
ingsun datan murang krama."

23. Angambil parisan malih,
raja Dirkuhadahana,
sigra anyalukun age,
tangkis Prabu Kewusnendar,
sinlukun tan wigata,
winales parise remuk,

naratas kumbaning liman.

24. Pecah sirahe kang hesthi,
Prabu Rukmadama kontal,
sanget kanteb ing tibane,
tangi sigra narik pedhang,
Gajahe Kewusnendar,
meh pinedhang sukunipun,
kebat Prabu ing Yujana.

25. Sinawat salukun aglis,
Dirkuhadahana kena,
katenggel gulu iringe,
niba Prabu Rukmadama,
narutul praptanira,
Abunandir kang amikut,
marang Dirkuhadahana.

26. Binekta mundur tumuli,
surake kadya ampuhan,
katawan kalih ratune,
dening raja Kewusnendar,
kasaput dalu nulya,
wong Arab netegi mundu,
mengsah nimbangi tetegnya.

27. Mundur kalih kang ajurit,
gumuruh swaraning bala,
pamoring baris makuwon,
ratu kalih kang katawan,
sampun mungging warangka,
mengsah barisira rindhu,
kakenan angguladrawa.

XXII. RADEN BANU KELAN, PUTRANIPUN WONG AGUNG

Dhandhanggula

1. Sami susah kang mungsuh prihatin,
arsa nglampahken cidra tan rembag,
raja Kulkul lan Kalbujer,
dene caraning ratu,
dereng ngantos ngulati budi,
dadya kendel kewala,
wadya Rab minuwus,
kasukan-sukan bujana,
winangsitan tan ana metoni jurit,
yen mengsah datan medal.

2. Kuneng ingkang yun-ayunan jurit,
kawuwusa nagari Ngajerak,
pira ta mangke lamine,
Raden kalawun-lawun,
titimbule kalis ing sakit,
lir dinus gege toya,
yuswane sang bagus,
sampun kawan welas warsa,
wus ginulang-gulang pratingkahing jurit,
Raden sampun kajiman.

3. Sasolahe pakartining ejin,
tan kemutan tingkahing manungsa,
duk wau ing parecete,
binuwang samodra gung,
mung sadina lawan sawengi,
wengine neng kendhaga,
apa marganipun,
weruha tata manungsa,

mung sakesuk aneng jaman manungseki,
sadina neng samodra.

4. Nulya tinampan jamaning ejin,
piniyara kang ibu Ismaya,
punapa malih ibune,
pan garwaning jin ratu,
raja Miswan ing Jonggiraji,
wus kasok tresnanira,
marang Raden sunu,
pan kadya nggenira yoga,
datan pae lan atmajane pribadi,
jin wungu raja Miswan.

5. Miwah tresnane kepati-pati,
Sang Aprabu Jaswadi Suwangsa,
wus kadya putrane dhewe,
milane ajujuluk,
Hiya Raden Iman Karneni,
dening duwe parengan,
kakalih puniku,
nagari emban lan inya,
kalihipun kadi bapa ing sayekti,
emban lan bapa inya.

6. Raden Minsar tan pisah sanyari,
kala timure aneng jro pura,
lir kinembar palihane,
duk umur tigang taun,
kawan taun aneng jro pura,
tan sinung medal-medal,
marang ingkang ibu,
Ismayawati kalawan,
ingkang raka nata Dewi Kuraisin,
alami neng jro pura.

7. Raden Minsar Palihanireki,
tuwin inya lawan embanira,
Raden putra saparane,

andungkap pitung taun,
panyuwune dipun lilani,
bekta mring nagrinira,
inya embanipun,
tigang wulan neng Suwangsa,
tigang wulan malih aneng Jonggiraji,
salamine mangkana.

8. Yen kang ibu kangen den timbali,
Hiya saking nagari Suwangsa,
tuwin saking Girajine,
tan kongsi tigang tengsu,
yen pinareng meh limang sasi,
kang ibu lan kang raka,
nora nana mundhut,
Yitnane Jaswadi Miswan,
Raden putra binekta sowan pribadi,
marek mring kitha emas.

9. Raden Putra tan ana martani.
lamun putra hiya Tanah Arab,
amung Jonggiraji wruhe,
lawan ing Suwangseku,
ngrasa putranira Jaswadi,
pinundhut mring Ngajerak,
iku kawruhipun,
lawan malih ingaweran,
"Aja ana tutur marang anak mami,
yen iku putra Ngarab!"

10. Suwarnane nglangkungi saking jin,
peri perayangan nggoning rupa,
tan ana mirib Rahaden,
kadya maksa dinulu,
ngilangaken langen sabumi,
pasir wukir wulusan,
sirna langenipun,
miwah sajroning samodra,

apa dene langen sangisor wiyati,
sirna mor ingkang warna.

11. Lapgang Raden Iman Karnaeni,
ambek kuswa Raden Banu Kelan,
Raden ing Jonggirajine,
Raden ing Suwangseku,
Raden Amir-atmaja nenggih,
Raden Bakdi Ngumaman,
Raden Ibnu Laut,
Rahaden Kardha Kandhaga,
Raden Jaya Nawaretna Raden Dawin,
Jinan lawan Wa Insan.

12. Raden Dawin Nurkus Karnaeni,
Raden Dawin Karbumulku Jinan,
Raden Ibnu Jaswadine,
Raden Ismayasunu,
Raden Aki Kusmara Kusrin,
prawira mandra guna,
ing aprang pinunjul,
winuwus surayeng praja,
tebih ing dyah karem kaprawiran jurit,
la-ela ing ngalaga.

13. Cinarita tingkahing ajurit,
ingkang ibu lawan ingkang raka,
telas tumleg ing Rahaden,
sadaya datan katun,
miwah Dewi Ismayawati,
datan arsa mareka,
marem yen andulu,
tan susah ing Tanah Arab,
mulat marang Raden Dawin Karnaeni,
sasat Sang Kakungingrat.

14. Tuwin nata Dewi Kuraisin,
mulat kang rayi sasat kang rama,

amapanaken kangene,
Raden Ismayasunu,
Raden Abu Lautan pekik,
ping tiga duk dinuta,
mring raka kang ibu,
anggitik praja jin kopar,
ing Julngiyah bedhah dening Raden Mantri,
ratunipun kabanda.

15. Ing Kabulmah lan Kismen siri,
bedhah ratune sami katawan,
katri jin kapir kang gedhe,
marma ageng sihipun,
prawirane sampun kaeksi,
timur pan wus kakaya,
mring raka lan ibu,
yen kinen nggitik nagara,
prabu kalih ing Suwangsa Jonggiraji,
tan pisah lan kang putra.

16. Raden Minsar kang tan kena keri,
saparane kang rayi tut wuntat,
mangkana pamiarsane,
yen ana perang agung,
mungsuh rowang kadya jaladri,
purwa Jaswadi putra,
kalawan Sang Prabu,
punika angsaling warta,
Yen prang gedhe ing Kusniya Malebari,
amungsuh rajeng Dhayak

17. Duk miarsa yen ana wong jurit,
Raden Dawin hiya Banu Kelan,
sigra umarek ibune,
kang putra nembah matur,
lamun arsa anawung jurit,
kang ibu angandika,

"Endi bapakanmu?"
raja Jaswadi ngandikan,
ing Suwangsa raja Miswan Jonggiraji,
kalih wus prapteng ngarsa.

18. Ngandika Retna Ismayawati,
"Tutur-tutur marang sutanira,
ngendi ana perang gedhe?"
Jaswadi nembah matur,
"Ing Kusniya mangke ginitik,
marang Sang Rajeng Dhayak,
putrane pinundhut,
tan suka aminta sraya,
ndhatengaken Wong Agung Surayengbumi,
Sultan adi Kuparman.

19. Putarnipun Risang Jayengmurti,
pinanggihken lan putri Kusniya,
milane dadya prang rame,
anyengker laminipun,
Sindhangdhayang Pardiyu siwi,
Kusniya jinis Islam,
milane tan ayun,
mimitran lan tiyang Dhayak,
ingaturken putri adi Malebari,
mring Sang Surayengjagad."

20. Ingkang putra tinimbalan prapti,
Nata Dewi Kurisin wotsekar,
kang ibu lon ngandikane,
"Nini, arinreku,
pari kudu anapung jurit,
Malebari Kusniya,
ing mangke prang agung,
arinira Ki Jayusman,
pinanggihken Bawadiman kang sesiwi,
putri adi Kusniya.

21. Arinira aterna pribadi,
amendhema laku arinira,
jajalen lan wong tuwane,
ngayoni dibyanipun,
anapunga milu wong Kapir,
dimen rame kang aprang."
kang putra wot santun,
"Angakua wong lelana."
duk miarsa Raden Umi Kaelani,
Raden Bakdi Ngujaman.

22. Ingkang ibu pangandikaneki,
ragi kacathet wardayanira,
yen ing Mekah kawijile,
angling sajroning kalbu,
Andikane ibu kayeki,
"Apa jinis manusa,
hiya wijilingsun?"
Nata Dewi aturira,
"Kula boten ambekta bala gung inggih,
sawatawis kewala".

23. Dyan sanega sira Nata Dewi,
wus samekta badhe angsal-angsal,
woh-wohan Ngajerak kabeh,
datan mawi wadya gung,
mung sayuta wadyanira jin,
ratu emban lan inya,
ingkang datan kantun,
raja Jaswadi Suwangsa,
raja Miswan ratu jin ing Jonggiraji,
lawan ingkang palihan.

24. Raden Minsar tan pisah lan ari,
wus mangkana budhal sang kusuma,
anapak wiyati kabeh,
kapraboning prang pupuh,

amepegi Rahaden mantri,
saking ibu sadaya,
nembah nguswa suku,
ingaras sirahing putra,
Dyan umesat ing ngarsaning ibuneki,
nusul marang kang raka,

26. Pan ginendhong mring raja Jaswadi,
lambat-lamat ingantosan wiyat,
sampun amor panggonane,
lan raka Retna Prabu,
ngandhap ingkang ngamparan wilis,
Raden aneng ing pundhak,
palangka jumerut,
binayang ing peri kathah,
titihane Nata Dewi Kuraisin,
pan sarwi paguneman.

27. "Besuk yayi sira yen ajurit,
susumbara Dyan Abu Lautan,
Umi Kelan paparabe."
kang rayi awotsantun,
kudanira si jonggiraji,
anut araning praja,
yeku wus panuju,
ules biru tutul pita,
"Sira ngatôna cara manungsa yayi,
kakangira si Minsar.

28. Hiya masih yen caraning ejin,
bapakira iku karo padha,
iya cara ejin bae,
rumeksa ing sireku,
nora katon prayoga yayi,
nadyan sira babara,
ing kulanireku,
Bapakira iku padha,

Hiya mangsa betaha pisah sireki.
salamine rumeksa.

29. Nanging lamun nemoni wong kapir,
kakangira si Minsar ngatona.
yen prang nyilumana bae,
dene ta ingsun njangkung,
nora adoh aneng wiyati,"
Wus telas gunemira,
lajeng lampahipun,
prabeng rat ingkang kungkulan,
pan meh prapta ing Kusniya Malebari,
katon ing pulo Barjah.

30. Katon nggenggeng apindha jaladri,
pabarisan sajabaning kutha,
Kusniya Malebarine,
Ya ta kendel Sang Ayu,
asingidan kathah jin kapir,
manawa na uninga,
ambabancang laku,
amasang asmareng netra,
sakathahe jin kapir tan na udani,
marang sang retnaning dyah.

31. Sigra kinen tumurun kang rayi,
nuju sami miyos ing ayuda,
mungsuh lan rowang kalihe,
wus kapang barisipun,
tedhakira Rahaden mantri,
Bapa kalih tut wuntat,
nanging tan kadulu,
mung palihan Raden Minsar,
milu ngaton anjujug wau sang pekik,
Yaplulawal srinata.

XXIII. RADEN BANU KELAN NYOBI INGKANG RAMA

Sinom

1. Dumrojog ing ngarsanira,
   Sang Prabu Dhayak Sengari,
   angadeg sarwi ngandika,
   "Heh Sang Prabu ingsun iki,
   arsa anapung jurit,
   milu ing sira Sang Prabu,
   amungsuh lan wong Arab,"
   Rajeng Dhayak anauri,
   "Bage sira anak mas tutulung ing prang."

2. Ebat kang sami tumingal,
   ing pekike Raden Mantri,
   Yaplulawal atatanya,
   "Sireku satriya ngendi?"
   "Ubengan ingsun iki,
   lalana milu prang pupuh,
   mengko yen wus karuhan,
   gegitikingsun ngajurit,
   pasthi lan sira malih sang nata."

3. Suka raja Yaplulawal,
   Rahaden sigra miyosi,
   anitih turangga pelag,
   weton ing jin Jonggiraji,
   akekapa rinukmi,
   cara jin busanaipun,
   kabeh busananira,
   apan busana saking jin,
   gebyar-gebyar kadya andaru lumampah,

4. Prapat ing rana susumbar,

"Payo rebuten ing jurit,
satriya Dawin Lautan,
ya Raden Umi Kelani,
prawira sura sekti,
nadyan ingsun masih timur,
tate naleni raja,
wong Arab payo ajurit,
metonana ing kene padha prawira."

5. Wau tan betah miarsa,
Rajeng Yujana nulya mit,
ing gusti sang Kakungingrat,
ingiden mengsah wotsari,
nitih turangga aglis,
Layar Mega abramurub,
mangsah ngatepang wedhar,
surake gumuruh atri,
mungsuh rowang lir wukir guntur sahuran.

6. Wus panggih ayun-ayunan,
rajeng Yujana ningali,
dening bagusing satriya,
anjenger sri narapati,
kaya ratuning peri,
serayaning ratu mungsuh,
kiniter Kewusnendar,
"Sapa aranira aji?"
"Ing Yujana iki raja Kewusnendar."

7. Balik sira iki sapa?
durung sedheng mangun jurit,
cahyamu amindha wulan,
apa ta ratuning peri?"
Raja putra nyauri,
"Raden Umi Kelan ingsun,
hiya Abu Lautan,
Sri Dhayak met sraya mani,"
Asru mojar sira raja Kewusnendar.

8. "Kasungsang kaliru sira,
teka gelem den aturi,
maring mungsuh lanatolah,
amungsuh lan gusti mami,
Lah sira iki becik,
suwitaa ratuningsun,
winor lan para putra,
pasthi sira den kasihi,
ngendi ana wong rupa kangkaya sira.

9. Amung para putra Ngarab,
sairib lan sira iki,
nanging meksih luwih sira,
ngilangken langen sabumi,
payo sun gawa aglis,
eman aja prang lan ingsun,"
Angling Bakdi Ngujaman,
"Dudu satriya sayekti,
ngoncatana ing wuwus ingkang kawedal.

10. Apan ingsun wus ubaya,
lan Prabu Dhayak Sengari,
mbanda para ratu Arab,
sanadyan si Jayengmurti,
metua sun taleni."
Kewusnendar rengu muwus,
"Aja lancang pangucap,
eman warnamu apekik,
wani nyoba angucap Sultan Kuparman.

11. Menek antuk borok sira,
gustiku kabibullahi,"
"Heh ta payo Kewusnendar,
apa kang aneng sireki,
aran sun nedya jurit,
pagene anampik mungsuh,"
Angling Sri Kewusnendar,

"Kapirare temen mami,
anuruti bocah jedheng ngajak aprang!"

12. "Sanadyan bocah jedhenga,
jer rupane mungsuh iki,"
Kewusnendar wuwusira,
Apa sakarepireki!"
Raden asru denyangling,
"Aprang gada sukaningsun,
kudhunga paris waja!"
Raden muter gada aglis,
dyan kiniter ginada rajeng Yujana.

13. Sumyur parisane waja,
sirahing turangga keni,
pecah rebah kuda pejah,
tiba kongsep Sri Bupati,
gumeter sarireki,
angres karaseng bebalung,
sajegingsun ayuda,
durung menangi gegitik,
lir katiban kang parbata satus waja!

14. Obah ingkang pitung dasa,
babalunge sri bupati,
Raden Umi Kelan tedhak,
marani ngarsanira ji,
ngadeg sarya angling,
"Lah payo junjungen ingsun!"
Rajaputra cinandhak,
wangkinganira tumuli,
pan ingangkat nanging meksa datan kangkat.

15. Kinuwataken pineksa,
sukune sri narapati,
sadekung manjing ing lemah,
netranira mijil getih,
Kewusnendar sru angling,

"Anggur ambedhola gunung,
payo rare malesa!"
Bakdi Ngujaman nulya glis,
nyandhak wangkingane raja Kewusnendar.

16. Jinunjung den ikal-ikal,
sri naranata binanting,
kanteb tibanireng lemah,
gumuruh suraking kapir,
Sang Nata den gosongi,
mring wadya binekta mundur,
raja Kemar gya prapta,
anggada ing sang apekik,
pan tinangkis sumyur gadanira Kemar.

17. Sigra denya narik pedhang,
amedhang raja Kuwari,
tinangkis camethi mlesat,
anyandhak ing Raden Mantri,
tinarik tan katarik,
sigra winales jinunjung,
binuwang rajeng Kemar,
tiba sajabaning baris,
surak umung raja Kandhabumi prapta.

18. Anyandhak wangkinganira,
ingikal-ikal tan osik,
tinapuk ing raden Minsar,
tiba kanteb sri bupati,
cinandhak pinggangnya glis,
binuwang muluk mandhuwur,
rajeng Kandhabuwana,
tiba sajabaning baris,
sigra prapta raja Gari Andarmuka.

19. Cinandhak sigra binuwang,
tiba sajabaning baris,
surak umung mawurahan,

kadya rebahing wiyati,
ya ta kasaput wengi,
samya mundur kalihipun,
Sang raja Yaplulawal,
amethuk ing Raden mantri,
pan rinangkul makuwon sinungga-sungga.

20. Munggeng ngamparan kancana,
sinungga sungga para ji,
lajeng pra samya bojana,
mider ingkang ponang larih,
Sang Prabu Dhayak angling,
"Pira mau kang kasambut,
kang para ratu Arab?"
umatur patih Dabatil,
"pan sakawan kalebet pun Kewusnendar."

21. Kalbujer nambungi sabda,
"Heh kakang patih Dabatil,
gempal tyase wong Kuparman,
Kewusnendar nandhang kanin,
ika wong angluwihi,
sembada ulese bagus,
nglalanangi yen aprang,"
Raja Kulkul anambungi,
"Wus tinemu apese si Kewusnendar.

22. Ika macane wong Arab,
banthenge barisan iki,
wus lega rasaning manah,
ilang kang gawat ting jurit,
seleh baune kering,
Si Kalana Jayengsatru,
sayekti ngaresing tyas,
suka sagung kang para ji,
Ya ta kuneng wuwusen baris Kusniya.

23. Wong Agung Surayeng Jagad,
bujana lan para aji,
nyatur mung solahing yuda,
Kewusnendar den timbali,
binayang munggeng kanthil,
dene ratu kang tetelu,
sanget tan bisa obah,
sadaya jinampen sami,
mring Marmaya duk sami entheng sakala.

24. Wong Agung alon ngandika,
ndangu tingkahing ajurit,
Kewusnendar matur nembah,
"pukulan mengsah puniki,
dede wadosing gusti,
prajurit kang maksih timur,
cahya nuksmeng sasangka,
bobote datan kekalih,
lan paduka kembar tangkeping ayuda.

25. yen paduka anuduha,
ing benjing para narpati,
sayekti mangsa mbangkata,
dhateng prajurit kang pekik,
malah telasa gusti,
prajurit kang para ratu,
lamun dede paduka,
tundha bema ing ajurit,
angathahken risake abdi paduka."

26. Kumepyur duk amiyarsa,
Wong Agung Surayengbumi,
ature sri Kewusnendar,
pasthi nateng Yujaneki,
pan prajurit sayekti,
wewekane ing prang putus,
lamun den aranana,

abot pan abot sayekti,
yen ingaran entheng mring Sri Kewusnendar.

27. Sayekti kalamun agal,
nateng Yujana wotsari,
"Pukulun ingkang satriya,
pamulu cahyane mirib,
lan paduka tan kalih,
amung kaot enem sepuh,
rompok ingkang sarira,
ing jangga miwah ing lathi,
yen sampuna estri kadya putri Kelan.

28. Kumenyut tyase karantan,
Wong Agung Surayengbumi,
barebel wijiling waspa,
ciptane kacathet wingit,
sedane ingkang rayi,
jabang bayine linabuh,
apa na kang mupua,
sutaningsun jabang bayi,
baya-baya den sarah mring rajeng Dhayak.

29. Hiya ta mangsa suwea,
yen tibaa ing samodra,
sigra dennya ndangu malih,
Kewusnendar wotsari,
"Pukulun susumbaripun,
Raden Abu Lautan,
paparab Umi Kelani,
"Ya pagene mangkono denya susumbar.

30. Rahaden Bakdi Ngujaman,
Raden Dawin Karnaeni,
Rahaden Iman Suwangsa,
Raden Iman Jonggiraji,
Rabikusmara Kusrin,
Rahaden Ismaya sunu,

Raden Amir-atmaja,
kang sawang gebyaring sasi,
eman temen wong bagus kena ngloroban."

31. Raja Gari Andarmuka,
wus enteng kinon nimbali,
binayang kanthil kewala,
prapta ngandika Sang Amir,
"Ratu kadang Ngabesi,
ing payudanira mau,
kongsi awas ing lawan,
satriya kang metu jurit,"
matur nembah raja Gari Andarmuka.

32. "Inggih langkung saking awas,
satriya ingkang pinekik,
tarampile sikep pedhang,
kadi angger Maryunani,
pamulunipun mirib,
nginggil tenggak wangunipun,
angger Kobat Sarehas,
pideksane dedeg mirib,
kadi putra paduka Raden Jayusman.

33. Yen sampuna tiyang Dhayak,
amba tan purun nglawani,
manawi kalintu ing prang,
nenggih darah Puserbumi,
satelenge samodra gung,
sapucaking aldaka,
yen darah ing Puserbumi,
amora wong sakethi netrane beda.

34. Datan kenging pinapadha,
tedhak Kures Banu Kasim,
kocap kocaking paningal,
muncar muncaring pangeksi,
kalamun trah Ibrahim,

boten kenging wowor sambu,
nanging punika Dhayak,
balane lembat sapalih,
mung puniku mesgule manah kawula.

35. Yen sampuna makatena,
angadaa ping sakethi,
kawula emban kewala,
ambanggep trah gusti mami,
wong Dhayak mbokmanawi,
pakartine ananamur,
ratu Dhayak durjana,
yen kabankata sayekti,
kawula prih pejahe ingkang satriya.

36. Gumyak sagung kang miarsa,
Kewusnendar anambungi,
"Aja na maido padha,
sudibyane mungsuh iki,
padha rasakna dhingin,
metua prang besuk esuk,
weruha aboting prang,
abot lan enthenging jurit,
pupukulan panangkise nggoning nyata.

37. Kalawan ayeming ulat,
ptatandha prajurit luwih,
Lamdahur nambungi sabda,
sarwi gumuyu denyangling,
"Hiya ing benjing enjing,
sun pithese lare iku,
dhasar padha asabar,
mungsuh prang lan bocah cilik,
amedhanga sun sambi mungkur kewala."

XXIV. PRABU LAMDAHUR MAPAGAKEN RADEN BANU KELAN.

Pangkur

1. Ngakak Prabu Kewusnendar,
"Aja sira Lamdahur metu jurit,
mangsa wurunga kapupù,
mundhak ngrowani ajang,
basa sira ing aprang patitis anakmu,
tandangmu ing aprang angawag,
durung nggeguru ing jurit.

2. Ngandelaken amba dawa,
gedhe dhuwur anake ratu luwih,
allah hiya bapakanmu,
kowe mangsa tirua,
jer ketara tandangmu durung nggeguru,
patitis ceblungmu uga,
si Pirngadi Banarungsit.

3. Lamun dadia Wong Dhayak,
wani tandhing ngepat milu Pirngadi."
sangsaya rame gumuyu,
para nata miarsa,
pan Wong Agung wagugen mangu mangun kung,
yekti sang rajeng Yujana,
ingandel mungguhing tanting.

4. Kuneng ing dalu rahina,
tri gumuruh tengara metu jurit,
gong beri kendhang gumuruh,
mungsuh rowang tengara,
teteg ewon kendhang gong thongthong-grit puksur,
mijil malih kang ayuda,
kang bala kapang ngubengi,

5. Sami munggeng palenggahan,
Wong Agunge njenengi ing ajurit,
baris lir akasa tedhuh,
nggenggeng tanpa watesan,
kang saos prang prajurit kang para ratu,
amisah panggenanira,
mungsuh rowang wus miranti.

6. Munggeng patarana emas,
Raden Iman Karneni pamit malih,
Kalbujer sang rajeng Kulub,
ing Dhayak Yaplulawal,
nitih kuda kawot kaprabon prang pupuh,
swaraning bala gumerah,
angsahe prabu taruni.

7. Prapteng rana Raden Minsar,
kang ngampingi emban raja Jaswadi,
ing Suwangsa tan kadulu,
ngampingi ingkang putra,
tuwin raja Miswan Jonggiraji mungguh,
sami ngampingi kang putra,
jin tetiga tan kaeksi.

8. Turanggane gebyar-gebyar,
amalipir mubeng denya sesirig,
marpeki barising mungsuh,
asru denya susumbar,
"Metonana Sultan Kuparman den gupuh,
pragola angadu yasa,
ruket bandawala pati.

9. Iki prajurit Dhayak,
andeling prang Raden Iman Karneni,
Ya Raden Ismayasunu,
Raden Abu Lautan,
Raden Umi Kelan prakosa dibya nung,

Heh payo Surayengjagad,
metua tandhing ajurit.

10. Lah endi Sultan Kuparman?
aja ngadu prajurit kang para ji,
yekti eman karyaningsun,
linadenan sok-wonga!"
Duk miarsa bramantya Prabu Lamdahur,
amit ingiden umangsah,
sang nata anitih hesthi.

11. Suraking bala gumerah,
kadya nengker gegana ngawiyati,
ratu andel kang umagut,
njenggarang munggeng liman,
sami sebat kang umiyat ratu mungsuh,
Prabu Selan sampun prapta,
ing paprangan sampun panggih.

12. Gung luhur munggeng dipangga,
anjenggarang alit munggeng turanggi,
Raden Putra tatanya sru,
"Prajurit sapa ranta?"
Anauri: "Ya ingsun Prabu Lamdahur,
andele Sultan Kuparman,
wiwinih pawitan mami.

13. Awit sadurunge krama,
amung ratu kawan dasa lan mani,
duk anom ing mengko sepuh,
ratune kawan leksa,
ingsun dhewe dhomas para ratunipun,
Rong leksa punggawaning wang,
kang padha cangkok nagari.

14. Sira iku obcah apa?
maksih jedheng peksa ngungkul-ungkuli,
lah mundura ta sireku,

aja aprang lan ingwang,
ingsun eman angur nungkula sireku,
nembaha mring gustiningwan,
Wong Agng Surayengbumi.

15. Raja putra saurira,
"Rajeng Dhayak met sraya maring mami,
"Iman Karnaheni ingsun,
paparab Umi Kelan,
Raden Abu Lautan jujulukingsun,
Ya Raden Bakdi Ngujaman,
Raden Iman Jonggiraji.

16. Ya Raden Iman Suwangsa,
Hiya Raden Ibenu Jonggiraji,
paparab Ismayasunu,
raden Amir-atmaja,
Raden Akikusmarakuserin ingsun,
Ya Raden Jaswadi putra,
Payo Sang Rajeng Serandil.

17. Apa kang ana ing sira,
si Jaswadiputra nedya ajurit,
aja kakehan pamuwus,
sarupanane uga,
ingsun iki ora main karsaningsun,
gathak-gathuk nuli aprang,
apa gawene setori."

18. Lamdahur nauri sugal,
"Rare iki tan wruh ginawe becik,
Payo apa sakarep nu,
pan dudu coraningwang,
ndhinginana." Iman Karnaeni muwus,
"Den prayitna rajeng Selan!"
Raden angetab turangi.

19. Ngiter sarwi narik pedhang,
pan tumenga angling mring bapa kalih,
"Heh bapa udhuna iku,
Lamdahur teka gajah."
bapa kalih sareng denira tumanduk,
Jaswadi lan raja Miswan,
anyendhal saking ing hesthi.

20. Sarwi ndhupak boyokira,
palihane Raden Minsar ambithi,
ing jajanira Lamdahur,
niba saking dipangga,
rajeng Selan kinarubut jin tetelu,
kantaka angthang-athang,
prapta risang Durma kalih.

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NILAI DEPBUDPAR

XXV. RADEN BANU KELAN PERANG KALIAN WONG AGUNG.

Durma

1. Samya nander kalihe putra ing Selan,
Banarungsit Pirngadi,
prapta ing ranangga,
tinampan cinandhakan,
mring raja Miswan Jaswadi,
samya binuwang,
tiba jabaning baris.

2. Duk tumingal sang raja Suratistaham,
rajeng Prasman Surati,
Minangkabo Gedhah
liwung umangsah dharat,
miyat sang rajeng Serandil,
angthang-athang,
tan kena den gosongi.

3. Singa prapta cinandhakan binuwangan,
dening raja Jaswadi,
lawan raja Miswan,
katiga Raden Minsar,
Prabu Tamtanus udani,
nembah umesat,
nyapih ingkang para ji.

AAN
DIS)
DPAR

4. "Den apikir kabeh para ratu Arab,
Hiya mangkene iki,
salawasmu sira,
mati urip tan pisah,
lawan Sang Surayengbumi,
sapisan-pisan,

sira durung akardi.

5. Gawe nama busuk angregedi jagad."
pan sarwi angadhangi,
lawungira malang,
"Delengen gustinira,
si Pirngadi Banarungsit
kapindho papa,
mengko yen tulus mati.

6. Gustinira lan sutane karo pisan,
Wong Agung sawadyeki,
kabeh para nata,
mangsa nedya gesanga,
pan wus pinasthi ing bumi,
nglabuhi lara,
mati sajroning jurit."

7. Dyan Wong Agung anitih Sekar Duwijan,
kawot keprabon u jurit,
Lamdahur anulya,
ginosongan wus prapta,
dening sang prabu Yunani,
surak gumerah,
tata wong Puserbumi.

8. Wus apanggih Wong Agung riwut ing duka,
wit Prabu ing Serandil,
ya ta yun-ayunan,
lawan Bakdi Ngujaman,
suraking mungsuh amangsit,
yen ingkang mangsah,
Wong Agung Jayengmurti.

9. Hiya ingkang tinitah Surayengjagad,
Kalana Jayengmurti,
ingkang akukutha,
Tanah adi Kuparman,

kang siniwi kang para ji,
kang wus sumbaga,
ing bumi: Jayengmurti.

10. Nata Dewi Kurisin wau tumingal,
angsahe kang rama glis,
niyub saha bala,
ing tyas aterataban,
watire marang kang rayi,
jinangkung datan,
tebih radi kapering,

11. Asru mojar Rahaden Abu Lautan,
Raden Iman Karneni,
"Payo den prayitna,
kudhunga bandabaya,
sun gada aja gumingsir."
Kudhung saksana,
parisanira wesi.

12. Dyan angiter kuda sarwi muter gada,
Raden Iman Karneni,
Wong Agung ginada,
kuwat pamupuhira,
jumebret tiba ing tangkis,
tangkis legawa,
mubal asru metyagni.

